

Avi pou Anplwaye Konsènan Konje Peye Maladi Ijans COVID-19 Massachusetts la

Mizajou 5 Oktob 2021

Rezime

Lwa Konje Peye Maladi Ijans COVID-19 Massachusetts la egzije pou anplwayè yo founi jiska 1 semèn konje peye pou anplwaye ki bezwen yon konje peye pou yon rezon ki gen wè ak COVID-19 ki garanti.

Anplwayè yo gendwa mande ranbousman nan men Eta a pou pri konje peye a.

Montan maksimòm yon anplwayè oblije peye pou chak anplwaye ansanm ak montan maksimòm anplwayè a gendwa jwenn rabousman pou li pou nenpòt anplwaye, se \$850 (iki gen ladann pri benefis yo).

Dat Mizanplas yo

28 me 2021 jiska Avril 1, 2022 (oubyen jiskaske fon lajan \$75 milyon dola pwogram la fini)

Rezon pou Kite

Anplwaye yo kapab pran konje pou rezon ki annapre yo:

- Pou okipe tèt yo oswa pou pran tretman medikal akòz yon dyagnostik oswa sentom COVID-19 oubyen pou refè aprè yo pran yon vaksen COVID-19
- Pou mete tèt li apa an karantèn, janyon ofisyèl piblik lokal, Eta a oswa federal egzije sa, oubyen yon otorite sante ki gen konpetans oubyen yon founisè swen sante

Anplwaye yo ka pran yon konje tou si yo dwe swen yon fanmi yo ki nan youn nan sitiyasyon ki dekri anlè a

- Manm fanmi a ki benefisye lwa sa a se konjwen, patnèki plase ak li, pitit, paran, pitit pitit, granparan oswa frèoubyen sè yon anplwayè, yon paran konjwen oswa moun ki plase ak anplwaye a oubyen yon moun ki te ranplase paran anplwaye an lè anplwaye a te timoun

*Anjeneral, anplwayè yo pa gen dwa mande pou anplwaye yo itilize lòt tip konje peye ki disponib anvan pou yo itilize Konje Peye Maladi Ijans COVID-19 la oubyen egzije pou anplwaye yo jwenn yon lòt moun pou ranplase yo pandan tan yo pral rate nan travay la, etan y ap itilize Konje Peye Maladi Ijans COVID-19 la.

*Anplwayè yo pa gen dwa entèfere ak kapasite yon anplwaye pou itilize Konje Peye Maladi Ijans COVID-19 la oubyen fèreprizay kont yon anplwaye paske yo pran Konje Peye Maladi Ijans COVID-19 la.

Ki Kantite Konje Anplwaye yo Gen Dwa Pran?

- 40èdtan konje peye pou anplwaye ki travay regilyèman omwen 40èdtan
- Pou anplwaye pat-taym yos, dire konje a baze sou kantite mwayèn èdtan anplwaye a travay

Demand pou Konje yo

Anplwayè yo gendwa mande pou anplwaye yo voye demand Konje Peye Maladi Ijans COVID-19 yo alekri epi yo gendwa egzije pou anplwaye yo prezante dokiman medikal ak lòt papyè ki kore demand la.